

# MOUSTIK KAPAB GAYE MALADI

## Pwoteje Tèt Ou ak Pwodui Repousan



Toujou li esplikasyon yo ki sou etikèt la avèk anpil atansyon pou itilizasyon ki apwouve a anvan w aplike yon pwodui repousan.




Aplike pwodui repousan pou ensèk sou po oswa rad ki ekspoze, men pa mete anba rad.



Trete rad ak ekipman yo avèk pwodui ki gen 0.5% permethrin. Pa mete permethrin lan dirèkteman sou po a.



Sèten pwodui repousan pa apwopriye pou timoun yo. Asire w pwodui repousan an san danje pou timoun yo epi li apwopriye pou laj timoun yo.



### Toutotou Bilding yo

Omwen yon fwa pa semèn, devide oswa kouvri tout bagay ki ta ka kenbe dlo, tankou:

Bokit  
Jwèt

Pisin pou Timoun ak Kouvèti Pisin yo

Beny Zwazo

Fatra, Veso, ak Poubèl Resiklaj yo


Kouvèti Bato oswa Vwati

Goutyè Twati yo  
Glasyè

Asyèt Bèt kay  
Kawotchou Machin

## Anpeche Moustik yo Peple

Moustik yo kapab viv andedan kay epi y ap mòde nenpòt ki lè, lajounen tankou lannwit.



Pou moustik yo peple, yo ponn ze nan dlo ki chita ak toupre dlo sa yo.



Yon ti kantite dlo ki chita, ki toupiti tankou lavalè yon ti kiyè oswa yon bouchon boutèy pandan plis pase yon semèn sifi pou moustik yo peple ak miltipliye.

## Kenbe yo Deyò

Sèvi ak Èkondisyone

Kenbe Tuil sou Tout Fenèt yo



Reparasyon Twou ki nan Tuil yo

Kenbe Fenèt ak Pòt ki Bay sou Deyò yo Fèmen